



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN POU AVANSE AK NOUVO EKSPANSYON MAJÈ NAN SÈVIS TRANPÒ PIBLIK NAN BROOKLYN AK QUEENS: EKSPRÈS ENTÈ-AWONDISMAN AN

Gouvènè a mande MTA pou li kòmanse pwosesis revizyon anviwònmantal la pou nouvo liy transpò piblik ki pote transfòmasyon

Li ta sèvi plis pase 100,000 Nouyòkè epi konekte jiska 17 liy metwo ak Wout Ray Long Island lan, sa k ap elaji aksè ak travay ak sipò devlopman ekonomik

Tan vwayaj soti nan yon ekstremitè pou rive nan yon lòt ekstremitè prevwa dire mwens pase 40 minit

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plan pou avanse ak Ekspres Entè-awondisman (Interborough Express) kòm yon pati diskou sou sitiyasyon Eta 2022 li a. Gouvènè Hochul ap mande MTA pou kòmanse imedyatman pwosesis revizyon anviwònmantal la pou pwojè transfòmasyon sa a, ki se premye etap nan bati gwo investisman enfastriki sa a ki ta konekte kominote yo nan Brooklyn ak Queens ak jiska 17 liy metwo ak Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR).

"Li lè pou nou investi nan pwojè enfastriki solid ki modèn, ki pral fè yon diferans reyèl nan lavi Nouyòkè yo chak jou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouyòkè yo merite transpò piblik ki fyab ki konekte yo soti nan travay ale lakay yo ak toupatou ant yo de. Ekspres Entè-awondisman an ta pral yon ogmantasyon ki pote transfòmasyon nan Brooklyn ak Queens, ki pral redwi tan vwayaj yo epi ede katye yo ak kominote yo vin pi pwòp, pi vèt ak pi ekitab."

"Pwojè sa a ta pral byen sèvi ak enfastriki ki egziste deja pou ajoute transpò piblik epi kreye aksè ak travay, edikasyon, ak opòtinite pou anpil rezidan Queens ak Brooklyn yo", **Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Mwen bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul, epi nou kontan travay avèk li, ak patnè Federal ak Eta yo pou avanse konsèp Entè-awondisman an."

Gouvènè Hochul pral mande Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an pou kòmanse pwosesis revizyon anviwònmantal la pou Ekspres Entè-awondisman an. Pwojè istorik sa a ta sèvi ak dwa pasaj ki egziste deja nan Bay Ridge Branch la, ki se yon liy metwo pou machandiz ki

pase atravè Brooklyn ak Queens, ki konekte katye divès sou plan etnik ak ekonomik yo: Sunset Park, Borough Park, Kensington, Midwood, Flatbush, Flatlands, New Lots, Brownsville, East New York, Bushwick, Ridgewood, Middle Village, Maspeth, Elmhurst ak Jackson Heights ak plizyè nouvo estasyon nan kominote yo ki pa sèvi kounye a pa transpò tren.

Si yo adopte li, nouvo sèvis sa a ta amelyore aksè ak transpò piblik ak travay nan kominote defavorize yo sou koridò sa a ki akeyi anviwon 900,000 rezidan ak 260,000 djòb kounye a, epi ak kwasans yo prevwa k ap omwen 41,000 moun ak 15,000 djòb nan pwochen 25 ane yo. Pou anpil rezidan nan koridò sa a, travèse soti nan yon katye an ale nan yon katye lan ak fatigan paske liy tren ki egziste deja yo oryante nan direksyon Manhattan, menmsi anpil nouvo opòtinite travay, lekòl ak sèvis yo sitiye nan awondisman nan periferik yo. Pwojè a ta bay mobilite enpòtan, kreye pi bon lyen pou vwayaje ale ak soti nan Manhattan ansanm ak koneksyon kle nan mitan katye yo, atravè awondisman yo, epi ouvri nouvo opòtinite pou vwayaj ranvèsè nan Konte Nassau ak Suffolk.

Chak jou, plis pase 100,000 vwayajè fè vwayaj chak jou andedan oswa atravè Brooklyn ak Queens, yo souvan konte sou otobis ki pran nan anbouteyaj nan yon rezo lari ki anpetre epi ki gen anpil moun. Rezilta ki soti nan etap istorik e nesèsè sa a kapab mennen nan yon nouvo sèvis ki ta bay yon tan vwayaj soti nan yon ekstremitè pou rive nan yon lòt ekstremitè ki mwens pase 40 minit, byenke pifò vwayaj yo ta dwe sou segman ki pi kout nan liy lan. Sa ta bay yon gwo ekonomi tan pou vwayaj entè-awondisman Brooklyn ak Queens yo konpare ak opsyon transpò ki egziste deja yo.

Anplis de sèvis transpò piblik, koridò Bay Ridge Branch ki egziste deja a kapab sèvi pou transpòte machandiz sòti nan yon pò al nan yon lòt epi li ta redwi anbouteyaj kamyon yo yon fason konsiderab nan rejyon an epi elaji enstalasyon mouvman machandiz yo, kidonk sa k ap fòtifye chèn apwovizyonman ki toujou ap lite pou rekipere anba pandemi an. Planifikatè transpò yo kwè ke sèvis pou transpòte machandiz ak pasaje yo sòti nan yon pò al nan yon lòt nan Ekspres Entè-awondisman ka mache ansanm dekonsè, sa ki ta ka yon eleman ki chanje jwèt la pou rejyon an. Nan objektif sa Gouvènè Hochul ap mande Otorite Pòtyè a tou pou li konplete revizyon anviwonmantal pou Tinèl Cross Harbour Rail Freight la.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)